

## УОДИГЪÆДÆЙ ТУХГИН АДÆМБÆЛ НЕКÆЦИ ЗНАГ ФÆУУÆЛАХЕЗ УОДЗÆНÆЙ!..

***Иосиф СТАЛИН:** «Фашистон Германий хæццæ тугъдæн хумæтæги тугъдбæл банимайæн нæййес. Е дууæ æфсадей æхсæн тугъд нæй... Е адтæй Фидибæсти еугурадæмон тугъд фашистон цагъаргæнгути нихмæ, æма нæ бæстæ ци тæссаг уавæри бахаудтæй, айдагъ уомæй фæййервæзуни фæндæй нæ тох кæнæн, фал, гермайнаг фашизми æфсойни буни ка гъæрзуй, Европи еци адæмтæн фæййагъаз кæнуни сæрбæлтау дæр...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№17 (986) 2025 анзи 7 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман


УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪДИ НÆ ЦИТГИН УÆЛАХЕЗБÆЛ ÆНХÆСТ КÆНУЙ ЦУППАРИНСÆЙ АНЗИ

# МАХ ФÆУУÆЛАХЕЗ АН, МАХ!..




БÆРÆГБОНИ АРФÆ



## САЙРАГДÆР – ФИДИБÆСТÆ УАРЗУН ÆМА ИБÆЛ ÆНОВУД УН!..

Нæ Цитгин Уæлахези цуппаринсæй анзей бæрæгбони фæдбæл нæ республики дзиллитæн зæрдиагæй арфæ кæнуй Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

Æ арфи фиццагидæр уой баханхæ кодта, æма æнæгъæнæ Уæрæсей куд æй, уотæ Иристони дæр алли адæймагæн дæр Устур Фидибæстон тугъди анзфинст æй æ бийнонти архивти æма сау-уорс къарти æвдист табуйаг имисуйнаг. Нæ республикæй фронтмæ ка рандæй, еци 95 мин адæймагемæй алли дуккаг дæр тугъди будури æносмæ байзадæй. Мингай адæймæгутæ фæскъилдуни æвæллайгæй хъиамæт кодтонцæ, сæхебæл нæ ауæрдгæй, агъаз кодтонцæ, цæмæй Уæлахез ралæудтайдæ еци табуйаг еугурадæмон гъуддагæн.

Нæ адæми еугур фæлтæрти уодиконди сæрустуйраг менеугути туххæй дзоргæй, нæ республики разамонæг уой дæр баханхæ кодта, æма абони нæ бæстæ æндагон тæссагдзийнадæй багъæуай кæнун бабæй ку багъудæй, уæд мингай лæхъуæнтæ, цуппаринсæй анзей размæ сæ бабати хузæн, æнæ уæлдай ракæнæ-бакæнæй Райгурæн бæсти сæрбæлтау тохмæ разæнгардæй цæун федæттонцæ. Е уой æвдесæн æй, æма нæ Райгурæн бæстæ нин еу ке æй, е нæ адæми еугур фæлтæртæн æй алцæмæй дæр сæйрагдæр! Рæстуодæй æй уарзун æма ибæл æновуд ун нимад æй сæйраг æнкъарæнбæл. Уотæ адтæй, нур дæр æй æма алкæддæр уодзæнæй!

БÆРÆГБОНИ АРФÆ

# НÆ ФИДТÆЛТИ НАМУС НИН ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ ЦÆРÆЦЦАГ УОДЗÆНÆЙ!..



Нæ Цитгин Уæлахези цуппаринсæй анзей бæрæгбони фæдбæл нæ республики дзиллитæн зæрдиагæй арфæ кæнуй Цæгат Иристони Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз**.

Æ арфи радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй нæ бæсти берæнацион советон дзиллитæ еугурæй дæр Райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнади сæрбæлтау еумæйагæй тох кодтонцæ.

Райгурæн бæстæ æма исонибони фæлтæрти сабур царди барæ ка багъæуай кодта, фæскъилдуни уодуæлдайæй ка фудæбон кодта, уæдта зæууатмæ æрцæуæг бæстæ нæуæгæй æ къæхтæбæл ка ислæуун кодта, еци адæмæн 9 Май æй еумæйаг номерæн бон.

Цитгин Уæлахези бæрæгбон Уæрæсейæн æй уодвæрнон, хъазар хæзна. Еугурадæмон бæрæгбон. Нæ бæсти еугур фæлтæрти ка еу кæнуй, еци еугур адæмон бæрæгбони равгæ нин ес Уæрæсейæй сæрустурдзийнадæ банкъарунæн. Нæ еумæйаг ихæс æй, тухгиндæр ка кæнуй æма нæ фидтæлти устур æскъуæлхтдзийнадæмæ барæ ке фæрци дарæн, еци историон номерæн фæлтæрæй-фæлтæрмæ хъæртун кæнун.

Цуппаринсæй анзей размæ куд адтæй, уотæ абони дæр Устур Фидибæстон тугъди бæгъатæрти байзæдтæгтæ, сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй, нæ бæсти национ интерестæ нифсгунæй гъæуай кæнунцæ.

Фидибæстæ гъæуайгæнгутæн, ветерантæ æма фæскъилдуни фæллойнæгæнгутæн сæрæй ниллæг ковæн!

Цитгин Уæлахези бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд, мæ хъазар æмзæнхонтæ, мæ зæрдæ уин зæгъуй æнæнездзийнадæ, амонд, фарнæ æма сабурдзийнадæ, нæ цитгин Уæрæсе идарддæр дæр уæлахезонæй куд ирæза, уотæ!


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Иосиф СТАЛИН: «Советон патриотизми гъомус уомæй æй, æма ин æ бундори нæйиес нæдæр расистон, нæдæр националистон мæнгæнгъæлцитæ, фал си ес нæ адæми еузæрдиуондзийнадæ æма æновуддзийнадæ сæ Советон Райгурæн бæстæбæл, нæ бæсти еугур адæмихæттити фæллойнæгæнгути, æнсувæрон лимæндзийнадæ. Советон патриотизми æмведауцæй æмеугонд æнцæ адæмти национ æгъдæуттæ*


КАРСАНТИ Хъазбег (раззаг рæнгъи астæуæй уорс кители) æ тугъдон æмбæлтти хæццæ фембæлди рæстæг.

# ÆРДХУАРДИ УСХЪÆБАДАРД

*Нæ Цитгин Уæлахез исфæлдесæг берæ ахсгиагдзийнæдтæн сæ сæйрагдæртæй еу адтæй советон адæмти æнсувæрон еудзийнадæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи. Ка си циуавæр адæмихаттæй æй, кæци рауæнæй рацæуæг æй, уой æгириддæр нæ равзарæ-бавзарæ кæнгæй, советон тугъдонтæ уодуæлдайæй хъазауат кодтонцæ нæ еумæйаг Фидибæсти сæрбæлтау. Уой фæдбæл Советон Цæдеси Бæгъатæр Карсанти Дриси фурт Хъазбег (1910-1987) советон доги сæйрагдæр æфсæддон газет «Красная звезда»-й æ рæстæги 1987 анзи 13 декабри ниммухур кодта зæрдæмæдзæугæ уац «Æрдхуарди усхъæбадард». Абони æй мухур кæнæн мах дæр.*

* * *

... Æрæги мæмæ ’рбадзурдта мæ рагон лимæн. Сауæнгæ тугъдæй фæстæмæ зонгæ ан. Ахид фæдздзорæн кæрæдзей хæццæ. Аци хатт ба мæмæ æрбадзурдта, цæмæй мин фегъосун кæна æ циййнаг хабар: æ кæстæрти кæстæртæбæл ма еу бафтудæй.

– Æма ибæл циуавæр ном исæвардтан, уой зонис? – игъæлдзæгæй æстуф кодта телефони трубкæмæ. – Владимир!..

– Дзæбæх ном ин равзурстайтæ, – загътон ин æз.

– Нæ мæ балæдæрдтæ?.. Æви нæбал гъуди кæнис, 1943 анзи, Днепри цæугæдони сæрти байервæзуни рæстæг ку фæццæф дæн æма уæд уоми фæддæлдон унæй мæ ка фæййервæзун кодта, еци Владимир Малькови?..

Куд не ’ргъуди кодтайнæ еци æригон тугъдони. Волги билгæрон рауæнтæй рацæуæг, тугъдмæ дæр æй уордигæй байагурдтонцæ. Уой размæ ба ахургæнæгæй куста. Хъæбæр зæрдæхцæуæнæй ин æ кой кæнидæ ме ’рдхуард. Æфсæддон хаййи нимад, кæдзосзæрдæ, æфсæрмигæнагæ, идзулд цæсгон. Ахид дзоридæ е ’мбæлттæн: А.С.Пушкини рæнгъитæ: «Мæ лимæнтæ! Нæ бастдзийнадæ ’й федар...» Еци зæрдхæлар загъд Владимир Малькови фæрци еудадзуг дзориуонцæ иннæ тугъдонтæ дæр.

Мæ лимæни ба æ имисуйнæгтæ уæгъдæ нæбал уагътонцæ. Нæуæгæй – цалæймаг хатт!.. – фегъустон бабæй уруссаг лæхъуæн Николай Бойко æма гурдзиаг Тенгиз Сванидзей хæлардзийнади туххæй хабæрттæ. Уоййасæбæл æхцул адтæнцæ, æма æнæ кæрæдземæй æгириддæр нæ фæразтонцæ, сæ кæрæдзей гъæуай кодтонцæ топпи фæттæй, минити æрхъезтæй. Фал тугъд уомæй æверхъау æй æма имæ хатиртæ нæййес. Сахар Кенигсберг байсуни рæстæг тугъдтити Тенгиз мæлæтдзаг цæф фæцæй…

Еци рæстæгути Николай Бойкой цæсгонмæ бакæсæнтæ дæр нæ адтæй. Тугъди кæрони уæнгæ «Катюша»-ти гарзæгтæбæл бафинсидæ: «Тенгизи маст есунæн», зæгъгæ... Фæстугъд Николай Бойкойæн фурт ку райгурдæй, уæд ибæл исæвардта Тенгизи ном.

Æхцæуæнæй фæдздзубандитæ кодтан мæ тугъдон æмбали хæццæ, райарфæ ин кодтон нæуæгигурди туххæй. Æма бабæй мæ тугъдон æмбæлттæ мæ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ, цардæгаси хузæнæй æристадæнцæ мæ цæстити размæ: Павел Прудников, Михаил Коротун, Ясон Акуба, Тимур Аюпов, Керим Кариев, Михаил Горохов, Вартан Оганесов…

...Зумæги 1941 анзи Мæскуй алфамбулай тугъдтити рæстæг адтæй карз, берæ цæмæйдæрти ба тæссаг уавæртæ нин исæвзурдæй. Немуцаг-фашистон æрдонгтæ еци лæборæги лæбурдтонцæ, гъавтонцæ нæ Райгурæн бæсти сæйраг сахар байахæссун. Бустæги уæззау ниццæнцæ нæ зæрдитæ, куд рæнгъон тугъдонтæн, уотæ командиртæн дæр. Уомæн ба неци хузи бауадзæн адтæй. Æма нæ тохун гъудæй уæлдай устурдæр æхсаргинæй, знаги размæмпурстæн идарддæр бухсæн нæбал ес, æнæмæнгæ ’й гъæуй æруорамун æма ’й дæрæн кæнун райдайун. Æма дин еци сагъæссагæй-сагъæссагдæр уавæри ку райгъусидæ …

– Нур адæмон зарти изæр ку исаразæн, уæдта нæ ци гъигæ даруй, – фæндæ бахаста дивизиони комиссар Николай Ковалев.

Нæ еугур дæр æгуппæгау фæцан, ауæхæн уавæри циуавæр зартæ? Уæдта ’й ниггæмæрзæ кодтан. Æнæ адæмон зартæй мах адæмбæл нимад дæр нæ ан. Æма уæхæн æнæферонхгæнгæ изæр арæзт æрцудæй, æма ин зæгъæн дæр нæййес… Мæ цæргæ-цæрæнбæнтти мин ирд имисуйнагæй байзадæй. Ци уæрмæгонди ’й исараззтан, е кæд устурдæр адтæй, уæддæр си адæмæй къох бакæнæн дæр нæбал адтæй. Берети æрфæндадтæй разарун дæр æма иннети зарунмæ байгъосун дæр. Æма ци нæ хузи æвзæгтæбæл ба игъустæнцæ зартæ – уруссаг, украинаг, гурдзиаг, узбекаг.

Къуæрей фæсте нæ дивизион бахаудтæй хъæбæр уæззау уавæри – æнæгъæнæ сахатти дæргъи нæбæл знаги хуæдтæхгутæ «Юнкерс»-тæ еци дорадзагъд кодтонцæ. Беретæ ни фæммард æнцæ, никки фулдæр ба ни цæфтæ фæцæй. Еци фатуарæни алæмæти лæгдзийнадæ равдиста ефрейтор Сергей Кульменков. Æхуæдæг цæф уогæй, тугъди будурæй рахаста æдасдæр рауæнмæ дæс цæф æфсæддоней. Уони ’хсæн адтæнцæ уруссаг, гурдзиаг, узбекаг, тæтæйраг, украинаг тугъдонтæ.

Мадта мах ци æнсувæрон цæстæй кастан, ци нæуæг æригон æнахургонд æфсæддонтæ нæмæ ’рбацæуидæ, уонæмæ, е æхуæдæг дессаг адтæй. Ахур сæ кодтан тохуни сосæгдзийнæдтæбæл, гъæуай сæ кодтан.

Ефрейтор Константин Зотов, фæлтæрдгун æма æхсист тугъдон, мæлæтæй фæййервæзун кодта цалдæр æригон тугъдоней. Цæветтонгæ, гарзæгтæ ци асикки адтæнцæ, уонæбæл æнæнгъæлти арт бацæфстæй. Æма арт ниххуссун кæнуни зæрдтæй Зотов еци асикбæл фæддæлгоммæ ’й. Арт ниххустæй, Зотови бауæр ба хъæбæр ниссугъдтитæ ’й, мини æрхъез ба æ тæккæ зæрди рæбун ниххастæй… Уотемæй æ уод иста е ’мбæлтти къохти.

Е ’мбæлттæ «йаххæй» кудтæнцæ æ уæлсæргъæ. Нæ си æруагæс кодта, æрæги дæр ма сæ сæхе гъæуай кæнунбæл ка ахур кодта, е сæ рази куд мардæй, еци æверхъаудзийнадæ. Еу си æ сæргъи æ фурзинæй еци дзорæги дзурдта: «Константин Андрейи фурт, е куд æй… Ци дин ракæнон…»

– Знаги мæн бæсти дæр æма дæхе бæсти дæр дæрæн кæнæ, – туххæйти ма исфæразта зæгъун Зотов. – Дæ цард аккагæй æма федауцæй бацæрæ…

Не ’фсæддон цардарæзти алкæддæр, уæлдайдæр ба тугъдон зин æма уæззау уавæрти дæр хæлардзийнадæ федардæр кодта нæ нифс. Уомæ гæсгæ ба мин хъæбæр æнæлæдæрд фæууй, нури æфсæддон хæйттæй кæмидæрти æмслужбæгæнгутæ сæ медастæу сæ кæрæдзей нæ лæдæрунцæ, нæ нимайунцæ, зæгъгæ, цаути койтæ ку фегъосун, уæд.

Æз мæхуæдæг ирон дæн. Æгæрон берæ уарзун нæ адæм, нæ истори, нæ адæмон исфæлдистадæ, нæ маддæлон æвзаг. Фал уой хæццæ ба уруссаг æвзаг дæр минкъийдæр нæ уарзун. Æнæ уомæй мæ цард, мæ меддуйне адтайуонцæ мæгурдæр, дудзирохсгонд.

Дууæ æнсувæрон адæмихатти дууæ ’взаги нимайун гъæуй. Етæ гъæуама æмхузон хъазар уонцæ нæ еумæйаг мади – Фидибæсти – дууæ рæвдауæг къохей хузæн. Уонæй дæ е гъомбæл кæнуй, дæ къæхтæбæл дæ ислæууын кæнуй, царди нæдтæбæл дæ рæствæндаг кæнуй...

Мæнмæ гæгæ, коллектив æнгом кæнун уæхæн гъуддаг æй, кæцими минкъийæй-минкъийдæр уа радзубандитæ-бадзубандитæ, фал си фулдæрæй-фулдæр уонцæ бæлвурд гъуддæгутæ. Æма уоми ба гъæуама æфсад уа æцæг хæлардзийнади, лимæндзийнади æма кæрæдземæн агъазкæнуйнади æцæг скъола.

Фарсласæг, зиндзурд газеткæсæг, ка ’й зонуй, зæгъдзæнæй, мæ зæгъуйнæгтæн нæ фагæ кæнуй «ахурадондзийнадæ», кенæ «методологон» бундорондзийнадæ. Æма æз ахургонд ку нæ дæн. Æз зæронд æфсæддон дæн. Æма цæй фæдбæл æй мæ дзубанди, уони æз киунугутæй дæр æма цидæр наукон æсгарæнтæй дæр нæ зонун. Мæнæн мæ фидæмæ, куд хумæтæг зæнхкосæг лæг, уотæ цанæбæрæг ахургонддзийнадæ адтæй, фал мæ бон æй федарæй уотæ зæгъун æма царди гъуддæгути ба берæ ахургæндтæй ахургонддæр адтæй. Арæхстæй цийфæнди уавæри дæр æ гъуди хумæтæг æма лæдæрдæй зæгъунмæ.

Уой æвдесæнæн уин ракæндзæнæн мæнæ ауæхæн хабар. Мах, æнсувæртæ æма хуæртæ æригæнттæ ма ку адтан, уæд уотæ дæр рауайидæ, æма хаттæй-хатт фæккæрæдземæ уийанæ. Æма еухатт бабæй ку исхъаугъа ан, уæд нæмæ нæ фидæ фæдздзурдта. Исбадун нæ кодта æ алливарс. Æ къохмæ райста хæреси уес æма нæ фæрсуй:

– Ка уи æй басæтдзæнæй?

Мах байдзулдан – цанæбæрæг æй еци листæг уес расæттун. Уæдта райста дууæ уеси æма бабæй нæ бафарста, ка сæ басæтдзæнæй, зæгъгæ. Мах бабæй байдзулдан… Гъе уотæ цалдæр хатти. Фал дæс уеси басæттун ба нæ хестæр æнсувæри бон дæр нæ бацæй – е ба нæ дæлвæзи тæккæ хъаурæгиндæрбæл нимад адтæй.

Æма нин уæд нæ фидæ загъта:

– Еунæгæй уи неке бон неци уоййасæбæл исуодзæнæй. Еумæйагæй ба уин берæ бантæсдзæнæй. Уæ цардвæндаги уæбæл ка рамбæла, уони хæццæ уин æмархайд кæнгæй алцидæр бантæсдзæнæй.

Хумæтæг, фал курухон фæдзæхсæнтæ…

* * *

***Редакцийæй.***

*Карсанти Хъазбеги радзубандий кæронбæттæни ци цауи кой цæуй, уой е, махмæ гæсгæ, æ финстæги æримистайдæ куд адæмон таурæхъ. Уомæн æма куд дзурдзæугæ лæг, уотæ куд нæ зудтайдæ уæхæн таурæхътæ берæ адæмисихæттитæмæ дæр ке ес, уой. Æма ’й æ фиди æргъудидзийнадæбæл некæцихузи банимадтайдæ. Фал газети редакций косгути, æвæдзи, бафæндадтæй Хъазбеги фиди курухондзийнадæ фæййимонаудæр кæнун æма хабар уой номи хæццæ исбастонцæ. Уогæ син уой туххæй уайдзæф нæ кæндзинан, уомæн æма сæйрагдæр æй, æгайтима адæмихæттитæй беретæмæ ке ес æма сæмæ цитгиййнаг ке ’нцæ уæхæн фарнæхæссæг таурæхътæ. Мадта сæ ахедундзийнадæ ба цæйбæрцæбæл агъазиау æй, е ба ирдæй рабæрæг æй, нæ Фидибæстæн æ тæссагæйтæссагдæр уавæри æмбæстон адæмихæттити минæвæрттæ æ сæрбæлтау æмусхъæ æма еузæрдиуонæй ке тох кодтонцæ, æма уой фæрци цифуддæр знагбæл ке фæуууæлахез æнцæ, уомæй.*

***æма Советон Цæдеси еугур фæллойнæгæнгути еумæйаг цардгъонгæнæг интерестæ. Советон патриотизм дехтæ нæ кæнуй, фал æнгом кæнуй нæ бæсти еугур нацитæ æма адæмихæттити еумæйаг æнсувæрон бийнонтæй. Гъе уоми уинун æнгъезуй Советон Цæдеси адæмти æнæфехалгæ æма никки тухгинæй-тухгиндæргæнгæ лимæндзийнадæ...»***



*Æфсæддон æрдхуарддзийнадæ цæйбæрцæбæл гъæугæдæр æма табуйагдæр гъуддаг æй нæ царди медæгæ, уой фæдбæл æй, мæнæ дæлдæр ци æрмæг мухур кæнæн, е дæр. Кæддæр æй ниффинста зундгонд финсæг æма публицист* ***Даурати Дамир****. Æма 'й идайгæ ба уотæ ракодта: «Æрдхуарддзийнадæ уæлдай хъаурæгиндæр, уæлдай гъомусгиндæр уæд фæууй, æма ку райгуруй, фæлтæрд ку 'рцæуй зинддзийнæдти, рæстади сæрбæлтау тохи цæхæрти. Æнæбасæгтæ, æнæфехæлгæ æносон исуй.*

*Уæхæн æрдхуарддзийнадæн мах, журналисттæ, ахид фæууæн æвдесæн. Еуцалдæрей туххæй уин си радзордзæнæн...»*

* * *

Зумæги мæ кусти фæдбæл идард балций адтæн сахар Суздали. Фæстæмæ ку раздахтæн уæд, Мæскуйæй Иристонмæ ка цудæй, еци поезди вагæнттæй еуеми æнæнгъæлти исæмбалдтæн не 'мзæнхон, тугъди æма фæллойни ветеран, мæ райгурæн Рахесфарси райони совхозтæй еуей раздæри косæг Гæзæнти Адулгерийи хæццæ. Зæронд лæг адтæй, кадгин хестæр.

Кæрæдзебæл фæцциййнитæ кодтан, æз æй мæ купемæ бахудтон, фæффæрститæ кодтан кæрæдзей, ка ни кæд æрцудæй Иристонæй, ци хабæрттæ си ес æма уотæ идарддæр. Æ реубæл ин берæ тугъдон хуæрзеугутæ ку фæууидтон, уæд æй балæдæрдтæн, хумæтæг балций ке нæ адтæй, æма 'й уой фæдбæл æнæбафæрсгæ нæбал фæдтæн.

Адулгерий мин цума мæ фарстамæ æнгъæлмæ кастæй, уой хузæн æ кители реуи дзиппи цæппæр фегон кодта æма си исиста минкъий къарæ газети гæбази тухтæй. Райхалдтон æй æма мæмæ си комкоммæ кастæй цъæхдзаст тумбулдзæсгон уруссаг лæг. Æ фæтæн реубæл цæхæртæ калдтонцæ хуæрзеугутæ.

– Мæ тугъдон æмбал Алексей Максимов, – загъта Адулгерий. – Ами Мæскуй цæруй. Ахид фембæлæн, фарæ дæр æй бабæрæг кодтон. Фал си æрæги ба финстæг райстон, сæйгæ, дан, дæн, зæгъгæ. Фæттарстæн ин, раст дин ку зæгъон уæд, æма нæ базийнадæ кодтон. Мийййаг æй, зæгъун, ку нæбал нийййафон. Берæ гъæдгинтæ ибæл ниууагъта тугъд. Фæрсæйфæрстæмæ тох кодтан, мæхе æнсувæри хузæн мин адтæй...

Нигъгъос æй Адулгерий, уæдта купей ци адæм æрæмбурд æнцæ æма имæ лæмбунæг ка игъуста, етæ фæууидтонцæ, æ сагъæсхуз цæститæй дууæ цæстисуги куд рагъардтонцæ, æ уадæлттæбæл куд æруадæнцæ, уой. Неке имæ неци дзурдта. Уалинмæ е æ кеми æрцудæй. Уæдмæ æз дæр мæ меднимæр æримистон, æ тугъдон нæдти туххæй ин ци зудтон, уой. Мæскуй алфамбулай тугъдтити Адулгерий ци æфсæддон хаййи тох кодта, уобæл знаг æртеголæ 'й, уæззау увæври æй исæвардта. Уæддæр нæ тугъдонтæн уордигæй куддæртæй рацæун бантæстæй. Сæ увæр идарддæр ба уотæ рауадæй, æма си беретæ, сæ хæццæ Адулгерий дæр, уотемæй, ци гъæдæмæ бафтудæнцæ, уоми исцурæвæрæ 'нцæ партизанти отрядбæл æма уони хæццæ байеу æнцæ. Адулгерий иссæй æ комиссар. Кæрæй-кæронмæ дæр си фæттох кодта, уæлдай зингæдæр æскъуæлхтдзийнæдтæ ин бантæстæй Брянски гъæдти...


ГÆЗÆНТИ Адулгерий


УРТАТИ Мишæ


ЦАЛИТИ Анзор (рахесæрдигæй) е 'рдхуард Виктор ИВАНОВИ хæццæ.

# ЗÆРДРОХС ФЕМБÆЛДТИТÆ

Мæ гъудитæ мин Адулгерий æхуæдæг фескъудта æрдæгбæл. Базмалдæй æ медбунати, æ алливарсмæ ракастæй æма бабæй загъта:

– Сумах уæ еугур дæр мæ кæстæртæ айтæ æма гъæуама зонайтæ. Хъазар адæймаг мин æй Алексей Максимов. Мæ ниццуд ин æнæнгъæлти адтæй, æма æ цийнæ уæлдай æгæрон адтæй, раст ибæл базуртæ базадæй. Æма уи баруагæс уæд – дууæ бонемæ æ къæхтæбæл æрлæудтæй. Æ синхæгтæ деси бацудæнцæ, мæнæ цитæ кæнуй æцæг хæлардзийнадæ, зæгъгæ. Нæ еумæйаг бабадти финги сæргъи сæрмагондæй кувдтитæ рауагътонцæ нæ хæларддзийнади тухxæй... Игъæлдзæгæй æздæхун нур нæхемæ, æнæзæрдæдзоргæй. Нæ иннæ фембæлд ба сентябри уодзæнæй...

Мæ балцийæй исæздæхгæй, мæ кустмæ ку рацудтæн, уæд еу цалдæр боней фæсте постхæссæг нæмæ редакцимæ еу бæзгин къонверт æрбахаста. Райхалдтан æй æма си разиндтæй брянскаг финсæг Кирилл Тихоненкови киунугæ «Записки партизанского командира». Цæй тухxæй нæмæ æй исæрвиста, уой балæдæрдтæн, ку 'ркæститæ имæ кодтон, уæд: кæрæй-кæронмæ си – Гæзæнти Адулгерийи кой е 'рдхуарддзийнадæ уруссаг лæхъуæн Алексей Максимови хæццæ куд æхсистæй адæмон мастесгути къуари, уой тухxæй. Автор киунуги сифтæй еуеми цæмæдæр гæсгæ баханхæ кодта сурх къариндасæй мæнæ аци рæнгъитæ: «7 мартъий 1943 анзи еу тугъди рæстæг Гæзæнифурти къуар рамардта 140 немуцаг æфсæддони æма афицери, исрæмугъта æфсæнвæндаги сæрти хед... Еци бæгъатæрдзийнади тухxæй адæмон мастесгути æма сæ командир Гæзæнти Адулгерийи кой еци анз 14 мартъий Мæскуй радиойæй ракодта Левитан æхуæдæг...»

* * *

Фæззигон бон, бæлвурддæрæй ба фарæстæймаг сентябри партий райкоми хæдзари дуармæ фембалдтæн тугъди ветеран, белоруссаг партизан, Беслæни нартихуари комбинати косæг Уртати Мишæбæл. Хъæбæр хæлæф кодта:

– Дæлæ, вагзалмæ тагъд кæнун. Минскæй мæмæ мæ тугъдон æмбæлттæ иссæунцæ... Мæ хæццæ дæ хонун...

Рандæ дæн æ хæццæ, æма мæхе цæститæй фæууидтон, цуппар халассæр нæлгоймаги æма еу силгоймаг сæ фурцийнæй куд кудтæнцæ, уой. Уæдта кæрæдземæ ракæсæ-бакæсæбæл фæцæнцæ, сæ рафæрсæ-бафæрсæмæ син вагзали адæм æригъустонцæ...

Дуккаг бон сæ, мах Мишæ сæ сæргъи, уотемæй редакцимæ æрбахудтан æма нин идард белоруссаг иуазгутæ Николай Нечаев æма æ цардæмбал Милæ, Петр Гаркавый æма Игорь Малявко фæдздзурдтонцæ, æзинæ сæ фусуни тургъи сæнæфсерæ бæласи буни сауæнгæ боницъæхтæмæ ке фæббадтæнцæ, нæуæгæй бабæй ке æримистонцæ сæ кæддæри уæззау тохи хабæрттæ. Уæлдай дессаг ба син е адтæй, æма куд зæрдæхцæуæнæй сæбæл æрæмбурд æнцæ синхбæстæ, сæхе цæститæй куд фæууидтонцæ, рагæй ке кой игъустонцæ, еци ирон иуазæгуарзондзийнадæ.

Исберæ 'нцæ журналистти цæмæдесаг фарстатæ æма бабæй нæуæг имисуйнæгтæ...

Дзубанди кæрæдзей цъухæй истонцæ.

– Нæ партизанти къуари инсæй адæмихаттей минæвæрттæ адтæй, фал си Мишæн ба æмбал нæ адтæй. Цæрдæг, нифсгун... Не 'сгаргути астæуцæгиндзæ...

– Некæд ни феронх уодзæнæй, еу тугъдæй инней 'хсæн æнцад рæстæги гъастизæртæ куд исаразийанæ, е. Мишæ си лезгинкæ ку кафидæ, уæд нæ фурæрдзæф кæнунæй нæ армитъæпæнтæ фæрресиуонцæ...

– Минскæй – финддæс æма инсæй километри æндæдæр еу сæумæ немуцаг гарнизонмæ бампурстан. Гъулæггагæн, æнæбæлах дæр нæ фæцан, не 'мбæлттæй еуæндæс фæммард æнцæ, æстдæс ба – цæфтæ. Знæгтæй ба еу дæр нæбал райервазтæй. Уæди тоги зæйтæ мæ цæститæй нæ цох кæнунцæ, мæ фуни дæр мæбæл ахид райвулунцæ...

Милæ тумбулдзæсгон, рæсугъд силгоймаг, партизанти кæддæри дохтир, къуари командир Николай Нечаеви бийнойнаг æ цæстисугтæ нæбал бауорæдта.

Цалдæр бони ма фæцæнцæ белоруссаг иуазгутæ Беслæни. Мишæ син фæууинун кодта сахар Орджоникидзе, фæлласта сæ Курттати коммæ, æ хæстæгутæ, æ зонгитæ ин сæ кæрæдземæ фæррахонæ-бахонæ кодтонцæ. Иуазгутæ сæхемæ ку рандæнцæ, уомæй дууæ-æртæ къуæрей фæсте Минскæй райстон финстæг: «Æмбал редактор, растдæр зæгъгæй ба, нæ нæуæг æмбал, – финста Николай Нечаев, – некæд ми феронх уодзæнæнцæ нæ фембæлдтитæ уæ зæнхæбæл. Уой размæ дæр Уртати Мишæмæ гæсгæ мах Иристон берæ уарзтан. Нур æй уæлдай хъæбæрдæр бауарзтан. Белоруссий гъæдти не 'хсæн ци интернационалон æнкъарæн райгурдæй, ци тугъдон æнсувæрдзийнадæ нæ исхеуон кодта, е гъæуама бонæй-бонмæ хъаурæгиндæр кæна, кæдзосдæр, гъæуама æй нæ кæстæрти зæрдити исæвæрæн, уадзæ, æма 'й цæстигагуй хузæн гъæуай кæнонцæ. Хонæн уæ еугурей дæр Белоруссимæ. Миши хæццæ нæмæ æрцотæ, сумах фагæ иуазæгуарзондзийнадæ нæмæ кæд раззиннидæ...»

Еци бон уæхæн арфи финстæг райста Мишæ дæр. Кæрæдземæ хуæрзæнгорæккаг фæцан, кæрæдземæн си нæхе фестудтан. Мишæ нимад æй Мински кадгин гражданинбæл, алли 9 майи дæр уордæмæ фæццæуй. Æма нур дæр фæндæ кодтан: аци хатт еумæ цæуæн. Мæнæн дæр, еци изол надбæл цæугæй, кæми æрхезон, уæхæн хъазар бунат ес. Смоленски бæрæгастæу, тугъдон æнсувæрон уæлмæрдти 1944 анзи январи фæстаг бæнттæй еуеми æвæрд æрцудæй мæхе фидæ дæр...

Гъæуама бабæй æй нæуæгæй бабæрæг кæнон. Иристони зæнхæй ин дууæ армитъæпæней дзаг фæлласон, æ циртбæл ин ниддæлгоммæ уон...

* * *

Виктор Иванов ба æхуæдæг тох кодта Иристони зæнхæбæл немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ ардæмæ ку 'рбайервазтæнцæ, уæд уони нихмæ тугъдтити. Гизæли бунмæ зæронд æхсæруестæй бид кауи рæбун акъоппæй фиццаг хатт исистадæй атаки æма лæгæй-лæгмæ бацудæй знаги нихмæ тохи. Ардигæй æй æ тугъдон æмбæлтти хæццæ фæлледзæги кодта, æма 'й фæттардта сауæнгæ Берлинмæ.

Уæлахези фæсте ахур кæнунмæ бацудæй Ростови æфсæнвæндаги транспорти инженерти институтмæ æма си фæллимæн æй иристойнаг лæхъуæн Цалити Анзори хæццæ, æнсувæрти хузæн цардæнцæ. Анзор нуртæккæ Беслæни хурæлистæггæнæн-спъалитæ аразæн заводи директор æй.

Æма æрæги еу фæлладуадзæн бони Мæскуйæй Иристонмæ поезд ку исхъæртуй, еци афони син сæ хæдзари дуар ку æрбахуастæуидæ. Анзор имæ æндæмæ ку ракастæй æма æнæнгъæлæги иуазæг æ кæддæри студентон æнзти æрдхуард Виктор ку разиннидæ, уæд æ цийнæн кæрон нæбал адтæй. Цалити бийнонтæ ибæл хъæбæр æхцæуæнæй исæмбалдæнцæ, синхбæстæ ибæл рамбурд æнцæ, минкъий кувд ин райараз тонцæ, синхи хестæр лæг дзурддзæугæ Дулати Геуæр ин гъæздуг финги сæргъи æ цæрæнбони тухxæй сæрмагонд кувд рауагъта. Цæмæй устур уруссаг адæми цæрæнбон берæ æрбауа, нæ хæларддзийнадæ хъаурæгинæйхъаурæгиндæр кæна, дуйне сабур цæмæй уа...

6

*Иосиф СТАЛИН 1945 анзи 9 майи советон адæммæ фæдздзурди уотæ загъта: «Æртæ анзей размæ Гитлер еугурадæмонæй ниддæлæлай кодта, æ сæйрагдæр ихæстæй ке æй Советон Цæдес ниддехтæ кæнун æма си Кавказ, Украинæ, Белорусси, Прибалтикæ æма æндæр облæсттæ ратонун. Комкоммæ загъта: «Мах бабун кæндзинан Уæрæсе, цæмæй макæдбæл исуа исистунгъон...» Е адтæй æртæ анзей размæ. Фал Гитлери сæлхæр фæлгъауæнтæн неци*

«ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»

# ÆГÆРОН БОЗ ÆМА АРФИАГ СИ АН, УÆЛДАЙ ЦИТГИНÆЙ СÆ ИМИСÆН...



**ТОТОЙТИ
Багай фурт Омар
(1905-1943)**



**ХЪАИРТИ Хæмици
фурт Кирилл фурт
(1913-1994)**



**ХЕКЪИЛАТИ Агубекири
фурт Рамазан
(1924-1993)**



**ЦÆЛЛАГТИ
Бариси фурт
Дзантемур**



**ЦÆЛЛАГТИ
Алексейи кизгæ
Зинаидæ**



**ЦÆРИКЪАТИ
Мæхæмæти фурт
Сафарбий (1919-2004)**



**ЦЪУГКИТИ
Дугей фурт Геуæрги
(1905-1942)**



**ХЪИБИЗТИ Андрейи
фурт Николай
(1918-1970)**



**ХЪИБИЗТИ
Андрейи фурт Иван
(1903-1942)**



**СОСРАНТИ
Дзахой фурт Къостан**



**СОСРАНТИ
Дзахой фурт Солтан**



**СОСРАНТИ
Дзахой фурт
Сослæнбек**



*хузи исæнхæст уæн адтæй – тугъди рацуд сæ ругæ фестун кодта. Æцæгæй ба уотæ раудæй, æма гитлеронтæ сæнттæ цæбæл цагътонцæ, етæ уомæй бустæги æндæр хузи раудæнцæ. Германи бундзарæй дæрæнгонд æрцудæй. Гермайнаг æфсæдтæ сæ тохæнгæрзтæ æрæвардтонцæ, сæхе састбæл банимадтонцæ. Советон Цæдес цитгинæй бæрæг кæнуй æ уæлахез, уæддæр Германи ба нæдæр ниддехтæ, нæдæр ба бабун кæнунмæ нæ гъавуй…»*







**САБЕТИ**
**Петри фурт Александр**
**(1923-1944)**



**САБЕТИ**
**Петри кизгæ Верæ**
**(1920-2013)**



**НАЙФОНТИ**
**Басиати фурт Кермен**
**(1911-1942)**



**ХУАДОНТИ**
**Афæхъой фурт Сергей**
**(1922-1983)**



**ГЕГАТИ Хакъиасси**
**фурт Батæрбег**
**(1910-1943)**



**ГЕГАТИ Хакъиасси**
**фурт Беза**
**(1914-2003)**



**БОРАТИ Александри**
**кизгæ Аннæ**
**(1922-2005)**



**БОРАТИ Александри**
**фурт Ибрагим**
**(1914-1970)**



**БОРАТИ Геннадий**
**фурт Владимир**
**(1914-1979)**



**БОРАТИ**
**Хазмети фурт Морат**
**(1912-1941)**



**БОРАТИ**
**Темболати фурт Петр**
**(1924-1970)**



**БОРАТИ**
**Кирими фурт Махарбек**
**(1923-2003)**

# НЕКЕ ÆЙ ИРОНХ, НЕЦИ ÆЙ ИРОНХ…



***Иосиф СТАЛИН: «Нӕ Фидибӕсти намусгин уарийтӕ карзӕй-карздӕр уӕлдӕфон тугъдтити ниддӕрӕн кодтонцӕ уӕлбекъонӕй ӕстуд немуцаг авиаци, уомӕй Сурх Ӕфсадӕн исаразтонцӕ равгитӕ ӕнӕхъорӕй архайунӕн, ӕма нӕ бӕсти цӕрӕг адӕми ервӕзун кодтонцӕ знаги уӕлдӕфон бомбӕкӕлдтитӕй...»***



# ДУУӔ АДӔМИХАТТЕЙ БӔГЪАТӔР

«Хестӕр лейтенант Хъарай-фурт уӕлдӕфон тугъдтити ӕхе бавдиста ӕхсаргин ӕма ӕдӕрсгӕ уӕлдӕфон тугъдонӕй, кӕци знаги дӕрӕн кӕнунмӕ арӕхсуй бӕрцӕй нӕ, фал арӕхстдзийнадӕ ӕма раyон-циуондзийнадӕй. Ӕ цардӕн тӕссаргдзийнӕдтӕ уойиасӕбӕл нӕ хинцгӕй – уонӕй тухгиндӕр имӕ ӕй нифсхастдзийнадӕ, – ӕнтӕстгинӕй дӕрӕн кӕнуй фашистон хуӕдмӕлхуӕрти, ӕнӕнгъӕлти ӕма усхъӕзӕй сӕбӕл ӕхе ниццӕвуй. Знӕгтӕ фулдӕр ку фӕуунцӕ, уӕддӕр ин е цӕлхдор нӕ фӕууй. Нифсхастӕй ӕма карзӕй бацӕвуй тохи ӕма си алкӕддӕр уӕлахезонӕй рацӕуй».

Уотӕ финстонцӕ е ’фсӕддон разамунд ӕхсаргин тӕхӕг Хъарати Акими фурт Александри туххӕй. Финсгӕ ба ’й никкодтонцӕ Мӕску немуцаг-фашистон ӕрбалӕборгутӕй багъӕуай кӕнуни тугъдтити не ’мзӕнхон алӕмӕти ӕфсӕддон ӕскъуӕлхтдзийнӕдтӕ ке бавдиста, уой фӕдбӕл.

Еци тугъдтити карздзийнади туххӕй Хъарай-фурт уотӕ имиста: «Тугъди фиццаг мӕйти, уӕлдайдӕр ба гитлеронтӕ Мӕску байсунмӕ ку тундтӕнцӕ, еци бӕнттӕй еуей мӕ зӕрдӕбӕл уӕлдай хъӕбӕрдӕр бадардтон. Бомбӕгӕлдзӕн хуӕдтӕхгутӕ сӕ базуртӕбӕл сау дзиуӕрттӕ, уотемӕй сӕдӕгӕйттӕй тахтӕнцӕ мах коммуникацити ’рдӕмӕ. Бӕрцӕй мах уонӕй зингӕ минкъийдӕр адтан, фал уӕддӕр нӕ «ястребоктӕ» сӕбӕл нӕхе турӕй-турмӕ ниццавтан, пулеметтӕй сӕбӕл дорадзагъд исаразтан, нихъхӕлеутӕ сӕ кодтан, фӕстӕмӕ сӕ фӕлледзӕги кодтан... Еухатт дӕргъвӕтийнӕ тохи фӕсте нӕ аэродроммӕ ӕрӕздахтан, бустӕги фӕлладӕй, фӕлмастӕй, ӕстонгӕй. Мӕ хуӕдтӕхӕгӕй ку рахизтӕн, уӕд расуги хузӕн ракеуӕ-бакеуӕ кодтон. Фурӕдонугӕй уодхар кодтон. Ме ’мбӕлттӕ мин фӕйиагъаз кодтонцӕ мӕ рагъӕй парашюти дзӕколӕ райесунмӕ, мӕ царин къохарходтӕ куд раластон ӕма дон раниуазунмӕ цӕуйнаг куд адтӕн, уотемӕй райгъустӕй нӕуӕг игъосункӕнуйнаг: нӕ аэродроми ’рдӕмӕ ӕрбахӕстӕг кӕнуй знаги бомбӕкалӕг хуӕдтӕхгути къуар.

Ци гӕнӕн адтӕй... Техникӕн дӕр равгӕ нӕ фӕцӕй нӕ хуӕдтӕхгутӕ нин барӕвдзитӕ ӕма сӕ нӕуӕг истахтмӕ бацӕттӕ кӕнунӕн, уотемӕй уазал дӕр ка нӕма ӕрцӕй, еци маторгӕ нӕуӕгӕй ӕркосун кодтан. Уайтӕккӕдӕр уӕлдӕфи равзурдан.

Мӕ хуӕдтӕхӕги ӕмвӕрстӕ тахтӕнцӕ ме ’рдхуӕрдтӕ Соколов, Суханов, Туров... Ӕмбесонди лӕхъуӕнтӕ адтӕнцӕ. Дууӕ си фӕстӕдӕр иссӕнцӕ Бӕгъатӕртӕ, еу ба си, гъулӕггагӕн, фӕммард ӕй. Мах исцурӕвӕрӕ ан немуцаг хуӕдтӕхгутӕбӕл, фехалдтан син сӕ тугъдон фӕткӕвӕрд ӕма сӕ еугӕйттӕй сорун байдӕдтан. Уӕртӕ си исугъдӕй дууӕ «Юнкерси», сау хъуӕцӕгӕнгӕй нийийарцӕ ’нцӕ зӕнхи ’рдӕмӕ. Ӕз дӕр еуей амӕттагӕн куд равзурстон, уотемӕй ӕнай-ӕнойти мегътӕй рагӕпп кодта знаги еума бомбӕкалӕг. Еу усмӕ фӕккуддӕр дӕн, уомӕн ӕма мӕн «Ястребок» ӕгӕр ӕрниллӕг ӕй. Фал уайтӕккӕдӕр мӕ хъауритӕ рамбурд кодтон ӕма мӕстӕйдзагӕй фескъардтон знаги нихмӕ, арт ибӕл бафтудтон ӕма иннӕ «Юнкерси» нихмӕ бӕргӕ нийийарцӕ дӕн, фал фӕлледзӕги ӕй, райервазтӕй ми... Знаги хуӕдтӕхгутӕй уӕди уӕнгӕ цал ӕргӕлстон, уони бӕрцӕбӕл ма еци бон бафтудӕй ӕртӕ...»

Ӕ еци ӕскъуӕлхтдзийнади туххӕй Хъарай-фуртӕн аккаггонд ӕрцудӕй Тугъдон Сурх Турусай орден.

Ӕма Хъарати Александр уӕхӕн лӕгдзийнӕдтӕй берӕ хӕттити фескъуӕлхтӕй Устур Фидибӕстон тугъди рӕстӕг. Хуматӕги ин аккаггонд не ’рцудӕй Советон Цӕдеси Бӕгъатӕри кадгин ном дӕр. Ӕ еугур ӕхсаргин гъуддӕгути туххӕй бӕргӕ ӕнгъезуй бӕлвурдӕй рахабӕрттӕ кӕнун, фал газети еу фӕрсӕг уомӕн фагӕ нӕй. Уомӕ гӕсгӕ ба ин уӕддӕр цубурӕй радзорӕн ӕ цардвӕндаги туххӕй.

* * *

Хъарати Александр райгурдӕй 1915 анзи 15 мартъий сахар Грознай косӕг бийнонти ’хсӕн. 1932 анзи каст фӕцӕй фабрикон скъола. Куста Грознай депой вагӕнттӕ цалцӕггӕнӕгӕй, 1933-1937 ӕнзти адтӕй еугонд «Грознефть»-и цалцӕггӕнӕг механикон заводи зурнӕйзӕгӕй, 1936 анзи каст фӕцӕй Грознай аэроклуб, 1937-1938 ӕнзти уоми куста планерист-инструкторӕй. Советон Ӕфсади службӕ кодта 1938 анзӕй фӕстӕмӕ.

Ӕфсӕддон тӕхӕг исунмӕ бӕлдтӕй ӕма 1940 анзи каст фӕцӕй Качински ӕфсӕддон тӕхгути скъола. Службӕ кодта Киеви ӕфсӕддон зилди Ӕфсӕддон-Уӕлдӕфон Тухти хайади. Уордигӕй райдӕдтонцӕ ӕ тохи нӕдтӕ Устур Фидибӕстон тугъди. Ӕма еци нӕдтӕ ба ин рауадӕнцӕ таурӕгъон алӕмӕти лӕгдзийнӕдти фӕрци. Уонӕй алкӕцидӕр хецӕнӕй ӕримисуни аккаг ӕй.

Зӕгъӕн, мӕнӕ ауӕхӕн цау.

Дууадӕс дӕрӕнгӕнӕг хуӕдтӕхӕгей хӕццӕ звеной разамонӕг Хъарай-фурт 1942 анзи августи ратахтӕй сахар Ржеви райони зӕнхӕбӕл тохӕг тугъдонти уӕлдӕфи ’рдигӕй гъӕуай кӕнунмӕ. Нӕ дӕрӕнгӕнгутӕй авд хъор кодтонцӕ гитлерон «Мессершмитти» сӕ фудракӕндӕ искӕнунмӕ, иннетӕ ба зинг цӕхӕр никкалдтонцӕ аст «Юнкерсебӕл». Уӕлдӕфон тугъди лӕгигъӕдгун ӕма арӕхстгин архайдӕй Хъарати Александри къуар ӕргӕлстонцӕ ӕртӕ «Юнкерси» ӕма еу «Мессершмитт» (фӕстаг хуӕдтӕхӕг Хъарай-фурт ӕргӕлста ӕхуӕдӕг). Уӕлдӕфон тугъд ӕнтӕстгинӕй ке рахецӕн ӕй Мӕскумӕ хӕстӕг бацӕуӕнти, ӕма си ӕхсарӕ ӕма бӕгъатӕрдзийнадӕ ке равдиста, уой туххӕй Александрӕн лӕвӕрд ӕрцудӕй Сурх Турусай дуккаг орден.

Ӕхсаргин тӕхӕг архайдта Сталингради тугъди, немуцаг-фашистон ӕрбалӕборгутӕй уӕгъдӕ кодта Донбасс, Украини Рахесфарс, Белорусси. Зӕнхӕбӕл тугъдтити тохӕг ӕфсадӕн лӕгигъӕдгун агъаз ӕма уӕлдӕфон тугъдтити ӕ агъазиау ӕнтӕстдзийнӕдти туххӕй Хъарати Александр хуарзӕнхӕгонд ӕрцудӕй Сурх Турусай ӕртиккаг орденӕй.

1-аг Белоруссаг фронти 16-аг уӕлдӕфон ӕфсади 176-аг гвардион дӕрӕнгӕнӕг авиаполкки эскадрилий командӕгӕнӕги хуӕдӕййевӕг, хестӕр лейтенант Хъарати Александр 1944 анзи декабри мӕйи уӕнгӕ исаразта фондзсӕдӕ тугъдон истахти, архайдта цуппаринсӕй уӕлдӕфон тугъдеми ӕма уонӕми айдагъ ӕхуӕдӕг ӕргӕлста инсӕй хуӕдтӕхӕги. Еци ӕскъуӕлхтдзийнӕдтӕ, лӕгдзийнадӕ ӕма ӕхсари туххӕй Хъарати Акими фурт Александрӕн 1945 анзи 23 феврали ССР Цӕдеси Сӕйраг Совети Президиуми Указӕй лӕвӕрд ӕрцудӕй Советон Цӕдеси Бӕгъатӕри ном, Ленини орден ӕма майдан «Сугъзӕрийнӕ Стъалу».

Хъарай-фурт 1945 анзи уӕлдӕфон тугъдтити ӕнауӕрдонӕй дӕрӕн кодта знӕгти, Польшӕ немуцаг-фашистон ӕрдонгтӕй уӕгъдӕгӕнгӕй.

Берлини операций кӕронбӕттӕни тугъдтити дӕр Хъарай-фурт ӕхе равдиста уӕлдӕфон тугъдтити хъӕбӕр дӕснийӕй. Берлини сӕрмӕ еу карз тугъди фӕсте Советон Ӕфсади ӕфсӕддон-уӕлдӕфон тухти командӕгӕнӕг, авиаций Сӕйраг Маршӕл А.А. Новиков комкоммӕ ӕхуӕдӕг райарфӕ кодта Хъарай-фуртӕн.

Тугъди фӕсте Хъарай-фурт идарддӕр службӕ кодта тугъдон-уӕлдӕфон тухти Фӕскавкази, Цӕгат Кавкази ӕма Туркестани ӕфсӕддон зилдти. Гӕрзефтонг тухти рӕнгъитӕй запаси ку рацудӕй, уӕд ӕрцардӕй Грознай. Ӕ уӕлзӕнхон цардӕй рахецӕн ӕй 1984 анзи 1 январи, байвардтонцӕ ’й аци сахари Центрон уӕлмӕрдти.

Советон рӕстӕги Бӕгъатӕри циртмӕ, куд федудта, уотӕ зилд цудӕй. Фал уӕдмӕ цардарӕзт нихъхӕлхъойтӕ ’й. Цӕцӕни райдӕдтонцӕ тугъдон цаутӕ ӕма еци цирт гъудигӕнӕг нӕбал адтӕй – хъӕбӕр ӕдзӕллаг увавӕрмӕ ӕрцудӕй. Уӕд Хъарати муггаги минӕвӕрттӕ сӕхе бахаттонцӕ нӕ республики ӕма Алагири райони разамонгутӕмӕ, ветеранти республикон советмӕ, цӕмӕй Советон Цӕдеси Бӕгъатӕр Хъарати Александр ӕстӕгдар исӕмбӕла ӕ фидтӕлтиккон зӕнхӕбӕл. Гъуддаг лухгонд ӕрцудӕй нӕ республики уӕди Сӕргълӕууӕг Мамсурати Таймураз ӕма Цӕцӕни Республики Президент Рамзан Кадырови ӕмархайдӕй. Ӕма 2010 анзи Хъарати Александри ӕстӕгдар кадгин уавӕрти байвардтонцӕ Дзӕуӕгигъӕуи Намуси Аллейи.

Зӕгъун гъӕуй уой, ӕма Советон Цӕдеси Бӕгъатӕр Хъарати Акими фурт Александри рохс ном абони дӕр цитгингонд цӕуй Цӕцӕни дӕр ӕма Цӕгат Иристони дӕр. Ӕ ном хӕссуй сахар Грознай гъӕунгтӕй еу. Цӕцӕни фиццаг Президент Ахмат Кадырови номбӕл мемориалон комплекси ӕвӕрд ӕрцудӕй ӕ скульптурон бюст. Цитгин ӕй кӕнунцӕ ӕ фидтӕлтиккон зӕнхӕбӕл дӕр. Ӕрӕги, 15 мартъий Хъарати Акими фурт Александри райгурдбӕл исӕнхӕст ӕй дӕс ӕма фондзинсӕй анзи (1915-1984). Ӕма уой фӕдбӕл Дзӕуӕгигъӕуи Намуси Аллейи ӕ цирти рази арӕзт ӕрцудӕй дзиллон номерӕн мадзал.




# ЗӔРДРОХС ФЕМБӔЛДТИТӔ

3

Уӕхӕн «уацари» бафтуйгӕй, Викторӕй фиццаг бон ӕ балций сӕйраг нисан рӕстӕгмӕ ӕрбайронх ӕй. Дуккаг сӕумӕ Анзорӕн загъта:

– Фӕлласай мӕ, фӕуууинун мин кӕнӕ, ци рауӕн тох кодтон, еци бунӕттӕ. Дууинсӕй анзи фенгъӕлмӕ кастӕн сӕ фӕуууинунмӕ, нур ардигӕй ардӕмӕ нӕбал бухсун...

Ӕ фарсмӕ ин синхи хестӕр Дулати Геуӕри исбадун кодта Анзор ӕма ’й сӕхе «Жигули»-йи фӕлласта, кумӕ загъта, уордӕмӕ: Гизӕлмӕ, Нартигъӕумӕ, Дзиуаригъӕумӕ, Ӕрӕдонмӕ...

Уӕззау имисуйнӕгтӕ... Уӕлӕ Гизӕли размӕ атаки хуӕнхаг къӕйдортӕбӕл уайгӕ-уайгӕй ӕ къах куд искъуардта ӕма ’й е куд фӕййервӕзун кодта дзармадзани ӕрхъезтӕй... Нартигъӕуи кауи сӕрти гранат куд фехста, фал е ба къӕйдорбӕл куд исӕмбалдӕй, ӕхе размӕ фӕстӕмӕ куд расхъиудтӕй, уӕддӕр си куддӕртӕй куд фӕййервазтӕй... Ӕрӕдони цӕгатварс ин зӕронд уститӕ цъайии донӕй ӕ цӕф къох куд нихснадтонцӕ...

Фӕстӕмӕ сӕхемӕ ку нӕхстӕр кодта иуазӕг, синхбӕстӕ ӕ фӕдбӕл ку ракалдӕнцӕ, уӕд син Виктор загъта:

– Ӕз нӕбал базудтон Орджоникидзе ӕма Ӕрӕдон, ӕнӕгъӕнӕй Иристони дӕр. Уӕдӕй нуриуӕнгӕ сӕ хузӕ райийивтонцӕ. Ӕнӕййивдӕй байзадӕй уӕ иуазӕгуарзондзийнадӕ ӕма ӕрдхуарддзийнадӕ. Ӕз ба ӕздӕхун мӕ хӕдзарӕмӕ, мӕ фидтӕлтиккон сахар Муроммӕ ӕма ӕхцӕуӕнӕй имисдзӕнӕн, сумах хӕццӕ ке рарвистон, еци бӕнттӕ... Нур над никки хуӕздӕр базудтон Иристонмӕ. Еубон бабӕй мӕ ардӕмӕ, мӕ уарзон Иристонмӕ гъӕуй. Фал уой размӕ бал мӕнмӕ мӕ хундмӕ дзуаппӕн иуазӕгуати раздӕр, ӕрцӕуудзӕнӕнцӕ Анзор ӕма ӕ цардӕмбал. Уадзӕ, ӕма фӕууунонцӕ, уруссаг иуазӕгуарзондзийнадӕ ӕма ӕрдхуарддзийнадӕ дӕр минкъийдӕр ке нӕ ’нцӕ, уой...

* * *

Аци ӕрмӕг ниффинстон раги, дууадӕс ӕма инсӕй анзей размӕ. Ӕма мӕ абони, нӕ Цитгин Уӕлахези цуппаринсӕй анзей бӕрӕгбони размӕ мӕ бафӕндадтӕй, ци кадгин адӕймӕгути кой си кӕнун, уони рохс нӕмттӕ нӕуӕгӕй ӕримисун. Гъулӕггагӕн, сӕхуӕдтӕ абони не ’хсӕн нӕбал ӕнцӕ, рохсаг уӕнтӕ, дзенети уодӕнцойнӕдӕр рауӕнтӕ син нӕ Исфӕлдесӕг аккаг кӕнӕд... Фал син сӕ фӕсте ци кӕстӕр фӕлтӕртӕ байзадӕнцӕ, етӕ ба амондгун цард кӕнӕнтӕ, сӕ хестӕрти кадӕй сӕрустур угӕй, арфиаг гъуддӕгутӕй ӕскъуӕлхунгъон куд уонцӕ, уӕхӕн сӕрӕндзийнадӕй хайгин уӕнтӕ.

***ДАУРАТИ Дамир,***
***1993 анз.***



БАТÆРТИ Мухтари фурти кизги биццеу ТУГЪАНАТИ Марат.

# СÆРУСТУР СИ АН НÆ ЕУГУР ДÆР

Устур Фидибæстон тугъд – XX æноси тæккæ æгъатирдæр æма тогкалæндæр тугъд кæдæй фæцæй, уæдæй ардæмæ рацудæй цуппаринсæй анзи. Берæ 'нцæ æви минкъий? Еци æнзтæ историй анзфинстмæ гæсгæ цанæбæрæг æнцæ. Фал еци цуппаринсæй анзи уæлдай хецæндæр дарунцæ, уомæн æма еци æнзти дæргъи цæрæн сабур цардæй, æнæ тугъдæй...

Алли адæмихаттæн дæр сæ устурдæр гъæздугдзийнадæ 'й сæ национ хелæдæрундзийнадæ, сæ културæ, сæйрагдæр ба, ке зæгъун æй гъæуй, æнцæ сæ дзиллитæ, кæцитæ ниууадзунцæ уæлдай арфдæр, ирддæр æма фæнзуйнагдæр фæд. Æма еци адæми нимæдзæмæ хауй мæ фиди фидæ Батæрти Авдий фурт Мухтар (Гæзæ) .

1937 анзи Мухтармæ фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ. Службæ кæнгæй, ахур кодта кæстæр командирти цæттæгæнæн скъолай. 1939 анзи ба, куд зæрдæргъæвд, дæсни кæстæр командир, уотæ æрвист æрцудæй Сталинграды тугъдон бастдзийнади училищемæ. Училище æнтæстгинæй каст фæцæй 1941 анзи. Æма кæстæр лейтенант Батæрти Мухтар æрвист æрцудæй Фæсбайкали тугъдон зилдмæ, кæци æрбунат кодта Китайи арæнмæ хæстæг. Уоми е 'фсæддон ихæс æнхæст кæнгæй ин равардтонцæ уолæфуни рæстæг. Æхе цийнæгæнгæй цæттæ кæнун райдæдта æ фидиуæзæгмæ иссæунмæ. Цуппар анзей дæргъи нæ фæууидта æ ниййерæг мадæ Борæхани, æ хеуæнтти, е 'мбæлтти... Фал æ бæллецтæ æ къохи нæ бафтудæнцæ. Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд...

Мæ баба хъæбæр гъенцъун кодта, уомæн æма службæ кæми хаста, е изол адтæй тохæг фронтæй, кæцими лæгæвзарæн тугъди знагæн карз нихкъуæрд лæвардтонцæ æ хæстæгутæ, е 'мгæрттæ, е 'мгъæуккæгтæ...

Цалдæр хатти бæргæ балæвардта курдиадæ уæлдæр командæкæнуйнади номбæл, цæмæй æй рарветонцæ фронтмæ, фал нæ æма нæ...

Æ фæндæ æнхæстгонд æрцудæй 1943 анзи. Æрвист æрцудæй тугъдон-телеграфон станцæмæ сæргълæууæгæй, уой фæсте ба 'й раййивтонцæ 2-аг Украинаг фронти, 40-аг Æфсади, цуппæрæймаг æхсæг корпуси бастдзийнади æфсæддон хаййи командирæй. Ами райдæдта Батæрти Мухтари тугъдон биографи. Ци устур, ахсгиаг ихæсæвæрд ибæл ес, уой хъæбæр хуарз лæдæрдтæй. «Федар бастдзийнадæ тугъди медæгæ хъæбæр æхсицгæ гъудæй, минкъий къулумпидзийнадæ дæр æрлæуун кодтайдæ æфсæддон хæйтти 'хсæн бастдзийнадæ, æма уæхæн гъуддаг æруадзæн неци хузи адтæй», – имиста мæ баба.

Тæккæ зиндæр уидæ бастдзийнадæбæл дзуапдæттæг æфсæддон ротæн цæугæдæнтти сæрти телтæ уадзун ку багъæуидæ, уæд. Еу ихæсæвæрд иннемæй зиндæр... Бастдзийнади роти æфсæддонтæ дæр æсгаргути хузæн алкæддæр цудæнцæ разæй, бастдзийнадæ уадзгæй, сæйраг æфсæддон тухти цæугæдони сæрти иннæ билæмæ бацæун ку гъæуидæ, уæд. Батæрти Мухтар, куд роти командир, уотæ фиццагидæр архайдта æ дæлбарæ ци æфсæддонтæ адтæй, уони дони сæрти бацæунæн ци сæрмагонд дзаумæуттæ гъудæй, уæдта косæн æрмæгæй исефтонг кæнун. Уотæ адтæй цæугæдон Днепри сæрти хезгæй дæр. Фашисттæ сæ нæ уагътонцæ дони сæрти хезун, æнæнцайгæй сæ æхстонцæ, нæмгутæ сæ сæрти скъот кодтонцæ, уотемæй бастдзийнади æфсæддонтæ бæлæгътæбæл размæ цудæнцæ, телефони тел ивазгæй. Æма сæ къохи бафтудæй. Цæугæдон Днепри сæрти æнтæстгинæй бахезун сæ бон ке иссæй, уой туххæй мæ баба Батæрти Мухтар хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Стъалуй орденæй. 1944 анзи Советон æфсæдтæ размæ 'мпурстонцæ Венгрий территори знагæй исуæгъдæ кæнуни туххæй.

Уæд еци рæстæг, капитан Батæрти Мухтари бастдзийнади роти æфсæддонти размæ æвæрд адтæй ихæслæвæрд: цæугæдон Дунайи сæрти бахезгæй, исефтонг кæнонцæ тугъдон хæйтти радио-телефонон бастдзийнадæй. Цæмæй Советон Æфсади размæцуд æрлæуун кæнонцæ, уой туххæй знаг дони буни фæккодта сæ ахæст бунæттæмæ бацæуæнтæ. Астæуи уæнгæ уазал дони лæугæй, Батæри-фурти раст унаффи фæрци, сæ къохи бафтудæй сæ размæ æвæрд ихæс исæнхæст кæнун: æфсæддон хæйттæ ефтонггонд æрцудæнцæ бастдзийнадæй. Устур бæгъатæрдзийнадæ ке бавдистонцæ бастдзийнади æфсæддонтæ, уой туххæй син лæвæрд æрцудæй тугъдон хуæрзеугутæ, мæ баба уæлдай бæгъатæрдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй ин сæрмагондæй лæвæрд æрцудæй Фидибæсти тугъди орден.

Батæрти Мухтар (Гæзæ) фашистон æрдонгтæй уæгъдæ кодта Румыни æма Чехословакий зæнхитæ. 1947 анзи уæнгæ службæ хаста Венгрий советон æфсæдти исконди медæгæ ци контролон къамис адтæй, уоми. Адтæй ма сахар Ниредхази комендант дæр. 1947 анзи капитан Батæрти Мухтарæн Советон Æфсади рæнгъити е 'фсæддон службæ уадзгæ 'рцудæй, æ мадæ Борæхан ке фæссæйгæ 'й, уомæ гæсгæ.

Æнæгъæнæ дæс анзи мæ баба не 'сæмбалдæй æ фидиуæзæгбæл. Дæс анзей медæгæ мадæ нæ фæууидта, æ сæрбæттæн æнгон бастæй ци еунæг фуртæн фæддардта, уой. Æдеугур бабабæл дууæ анзи цудæй, уотемæй е 'ригон фидæ Авдий ин мæрсинтæбæл сæ тургъæмæ 'рбахастонцæ. Кедæр къохæй æ цард раскъудæй. Седзæр биццеу алкæддæр хицæ кодта фидæ кæмæн адтæй, æ еци æмгæрттæмæ. Мади рæвдуд гъæуагæ нæ адтæй, раст уагæбæл æй бæргæ гъомбæл кодта седзæргæс уосæ, фал уæддæр ирæзгæ биццеуи нæлгоймаги федар усхъæ, амунддзийнæдтæ гъæуагæ дæр куд не 'ййафтайдæ. Хуцау хуарз æма æ царди уæхæн æцæг лæг разиндтæй – е адтæй мæ бабайæн æ мади æнсувæр Гокъоти Азамат. Баба си æ мæлæти уæнгæ дæр арфиагæй байзадæй. Ахид ин имиста æ хуарз менеугутæ, ци устур агъаз ин фæцæй царди медæгæ, еци хабæрттæ. Уомæн дæр æнæ зæгъæн нæййес æма Азамат æхуæдæг дæр адтæй æхсæз хуæрей еунæг æнсувæр æма хуæрти цæуæтæй алкедæр æ уозæлд æхебæл æнкъардта.

... Æма нур æхцæуæн хабар. Борæханæй амондгундæр ма кæми адтæй а бæстæбæл... Фал еци цийнæдзийнади æууæлтар кодта фудхабар – Борæхани хуарæ Темурти Барий æхсæз фурти тугъди будурæй нæбал исæздахтæнцæ...

Батæрти Мухтар берæ рæстæг æгустæй нæ фæллæудтæй. Куст ба фагæ адтæй еци зин фæстугъди рæстæг. Фæлтæрдгун тугъдон лæг нисангонд æрцудæй Ирæфи райони бастдзийнади хайади сæргълæууæгæй, фæстæдæр еумæйаг хæдзаради разамунд лæвардта партион организацийæн.

Фæстугъд советон разамунд æма Коммунистон парти уæлдай устурдæр æргом æздахта фæсевæди 'хсæн тугъдон-патриотон гъомбæладæ парахатдæр æма бæрзонддæр кæнунмæ. Æма уæд райони хецауади унаффæмæ гæсгæ мæ баба косун райдæдта Чиколай астæуккаг скъолай тугъдон цæттæдзийнади ахургæнæгæй. Фиццагидæр æ куст райдæдта уомæй, æма фæммадзал кодта гъæугæ ахурадон косæн дзаумæуттæ, уони нимæдзи тохæндзаумау, противогазтæ.

Æ кустмæ бæрнон цæстæй кастæй æма, æвæдзи, уомæ гæсгæ æ уроктæ адтæнцæ уæлдай цæмæдесдæр, ахурдзаутæ имæ алкæддæр æнгъæлмæ кастæнцæ. Скъолай мæ баба фæккуста дууадæс анзи. Еци рæстæг хуарзæнхæгонд æрцудæй берæ Кади грамотитæй аллихузи ведомствитæй. Нур дæр, кæд æма æ уæди ахурдзаутæн сæ сæртæ раги исуорс æнцæ, уæддæр ма 'й абони дæр имисунцæ, куд курухон, карз, фал рæстзæрдæ адæймаг, уотæ.

Евгъуд æноси æвдайæймаг æнзти Батæрти Мухтар æвзурст æрцудæй гъæууон совети сæрдари хуæдæййевæгæй. Цалдæр хатти æй е 'мгъæуккæгтæ равзариуонцæ райони æма гъæууон Совети депутатæй. Æма син сæ устур æууæнкæ некæд фæссайдта. Алкæддæр син сæ бартæ гъæуай кодта. Пенсимæ рацæуни размæ ма разамунд лæвардта Чиколай гъæуи доргæнæн заводæн, дондзæуæн хæдзарадæн.

Кумæдæриддæр æй æрвиста уæлдæр хецауадæ, парти, цидæриддæр кусти сæргъи лæуд адтæй, алкæмидæр æ кадæ адтæй бæрзонд, æ размæ æвæрд ихæстæ цæсгонгинæй, æдзæстхезæй, хуæздæр уагæбæл æнхæст кодта, адæми зæрдихудти некæд бацудæй. Æ ном иронх нæй абони дæр берæ æнзти дæргъи ке хæццæ фæллойнæ кодта, еци адæмæй. Имисунцæ 'й дзурддзæугæ, тугъди æма фæллойни æхсист, фæлтæрдгун, курухон хестæри æ уарзон синхбæстæ...

Мæ баба Мухтар æма мæ нана Фатъимæт (Надгерийти Аслæнбеги кизгæ) исгъомбæл кодтонцæ цуппар фурти: Таймораз, Владимир, Славик, Марат æма еу кизгæ Аминæти. Сæ цæуæти царди раст надбæл ниввардтонцæ.

Мах, Батæрти Мухтари байзæдтæгтæ, нæ бон цæйбæрцæ 'й, уойбæрцæ архайæн царди алли фæззелæни дæр уой хузæн лæгдзийнадæй æнхæст, моралон æгъдауæй хъаурæгин, арф зонундзийнæдтæ есунбæл, Фидибæстæн æцæг патриот унбæл.

Мæ бабайæн æ еугур царди над дæр æй дæнцæни аккаг. Нæ сæртæ бæрзæндти хæссæн нæ кадгин хестæрæй. Æ кади ном иронх нæй æма некæд уодзæнæй махæй. Бонвæрнон стъалуй хузæн нин æ ирд сорæт нæ над рохс кæнуй! Нæ сæртæй ниллæг ковæн айдагъ нæ бабайæн нæ, фал Устур Фидибæстон тугъди ка бацарæфтуд æй, не 'хсæн ма ка 'й, ка нæбал æй, еци ветерантæн!

***Бийнонти номæй***
***БАТÆРТИ Аланæ.***



БАТÆРТИ Мухтари бийнонтæ.

*Иосиф СТАЛИН: «Мах нæ Райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнадæ багъæуай кæнуни фæдбæл устур нивæндтæ ке 'рхастан, нæ адæм тугъди рæстæги æгæрон берæ гъæугæдзийнæдтæ æма гъезæмæрттæ ке баййафтонцæ, Фидибæсти сæрбæлтау фæскъилдуни æма фронти æнæрæнцайгæй ке фæллойнæ кодтонцæ, етæ дзæгъæли нæ фæцæнцæ, махæн бантæстæй знагбæл фæуузлахез ун...»*

# ÆНОСОН АРТИ ÆВЗÆГТÆ ДЗОРУНЦÆ...



Æносон арт... Æности æхседарф. Нади билæбæл е 'носон бунати цирагъдарæй ислæудтæй. Ци дæ æрхаста, кæцæй фæззиндтæ, циуавæр фудбæндæгтæбæл æрхизтæ? Кæд Прометей расаста цъæх айнæг, ратудта æ хъадама, арви цæхæр рæхистæ раскъафта Хуцауæй æма зæнхи фæллад фæлтæртæн е 'сконд артæй батавта сæ рист уод? Æви Данко æ карз æнос, æ сау църтæй мæйдар æхсæви тар гъæдæй рацудæй фæдеси æма æ содзгæ зæрди ном циртæн аци рауæн ниссагъта, цæмæй зæнхи фурттæн над ниррохс уа æма æрттева.

Нæ, е Прометей, кенæ Данко аргъæуттæй не 'систадæй. Сæ конд таурæхъ нæуæгæй нæ райдæдтонцæ.

Арти æвзæгтæ дзорунцæ... Аллирдæмæ здухсунцæ. Хормæ, арвмæ ивазунцæ сæхе...

Салдат адтæй е. Зæнхи хъæболæ, лæги фурт. Зæнхи арф уедæгтæй, арф æвæрæнтæй ка райгурдæй, уæхæн хуар, гъæди æма кæрдæги хузæн. Æ зæронд фидæн æ сæумæ æма е 'скаст ка адтæй.

Салдат адтæй е. Æ уæрагбæл, нæуæг киндзи хузæн, сæргубурæй ка ракодта карз соми Сурх Турусай рази. Ард ка бахуардта косæг лæги къохи скъудтæй, хуасдзауи тæппал æнгулдзитæй, фиййауи дорæфхуæрд зæбæттæй, хумгæнæги хеди 'ртæх, æ цæсти рохсæй, Райгурæн бæсти Æрфæнифæд, æртæхгун сæумæраги нæ рæсæдони болæмæргъи зарунæй.

АРТИ ÆВЗÆГТÆ ДЗОРУНЦÆ...

Аци æхседарф, ци зин рæстæг, ци фудæбонтæбæл æрхизтæ... Де 'бæрæг нæдтæ... Зæнхи талингæ реу, æ сæрисæфæни цъæстæй, тохи тумугъ айнæгæй федардæр кæми адтæй... Тугъди реу кæми нихъуардта дортæ æма гъæунгти, адæм æма гъæди. Будур кæми бандзуг æй тог æма мастæй, цæстисуг æма гъæрзунæй.

Тохи зар ци рауæн райгурдæй тогæй. Тохи зар бор рондзи кæми исæвдулдæй. Тогæйдзаг карди комбæл рæстæг пъæзуй хузæн кæми лæстæй. Бомбити гъæрæй тар æхсæвæ кæми ниффæлладæй, кæми бастадæй. Кæми æриста мæлæт фæллад тугъдонæн æ фæллад...

Уоми аци цирагъ, аци æхседарф тоги зæйтæй игурдæй.

АРТИ ÆВЗÆГТÆ ДЗОРУНЦÆ...

Тумугъ æма форди æрра уолæнтæ сæ кæрæдзей кæми хуастонцæ... Арвæй бурдтæмæ хуæнхтæбæл тогтæрегъæдтæ кæми калдæй... Кедæр царæфтуд калд хæдзари уг кæми исбидта астъонæ æма си алли æхсæвæ дæр гъарæнгитæ кæми кодта... Арв æма зæнхи фудæвзарæн фудбонтæбæл сау халон тар гъæди кæми дзиназта, бæгъатæр тугъдонæн еу цард, еу уод, еу зæрдæ кæми нæ адтæнцæ фагæ...

Арти æвзæгтæ дзорунцæ...

Рæстаги бон рæстаги тохи рæстæг лæгбæл фæстаг хорискаст, фæстаг уарун, фæстаг мæйрохс кæми кастæй... Фæстаг балцийæй кæми нæбал адтæй здæхæн. Фæстаг къæхдзæф, фæстаг уолæфт, фæстаг салам, фæстаг хуæрзбон кæцæй æрвиста дуйнемæ... Æ тоги нивдулгæй, фæстаг фунæй кæми бацæй салдат; бони рохсæй хори тунтæ кæмæн хастонцæ хъиамæт æма зиндонæ. Ка гъæрзтæй сау фуди, сау цæфти æма сау арти. Аци æхседарф еци артæй а бæстæмæ æрцудæй.

АРТИ 'ВЗÆГТÆ ДЗОРУНЦÆ...

Дзармадзани богътæй кæми игурдæй, кæми федар кодта æнсувæрдзийнадæ, тог æма стæг. Æнæхсæвæр, æнæхуссæг æхсæвтæ, салд акъоппи стонг æма æргъæвстæй. Хорсугъд, ругæ æма цæстисугæй игъæстæ хæрдæ æма урдуг къахвæдти... Метфæлдзæгъдæни, думгити... Æнæкæрон царди уотæ цубур кæмæн разиндтæй æ над. Мади катай æма гъарæнгæ, ниййерæги фудтæрхон, тог æма цæстисугтæ, бæгъатæрмæ кæми игурун кодтонцæ тухæ æма æфсармæ... Гъо, еци тоги зæйи ке зинг рахустæй, уой зинг, уой тогæй аци арт иссугъдæй.

АРТИ ÆВЗÆГТÆ ДЗОРУНЦÆ...

Тохи будур ка рохс кодта карди коми 'ртивдæй, ка 'й тар кодта топпихуаси сау хъуæцæй. Æ цæститæй кæмæн æрттивта арви тухæ, зæнхи сойнæ. Арв æма зæнхи æнæкæрон хъаурæ ке домбай, ке сабур иуæнгти æхсистæй. Фæдеси бони ка 'дтæй арт æма фæдес. Ка аразта федæрттæ итигъд будури, унгæг коми, дор æма сикъитæй нæ, фал е 'стæг æма, æ тог æма æ реуæй. Æцæг федар ке федар разиндтæй тогуарæн зиндони. Е адтæй салдат... Е раскъафта аци зинг арви къæдзæ рæхисæй... Хори тунтау, уалдзæг ка 'рхаста нæ хуæнхтæ æма нæ фæзтæмæ.

АЦИ ÆНÆМÆЛГÆ ÆХСЕДАРФ...

Ка иссугъдæй гъизт æхсæвти æма æнæбун форди сонт уолæнтæбæл... Фудбæндæгтæбæл, тохи зарæгау, арци фийбæл, тæппал къохтæбæл ка тундзта идардæй. Ка тундзта дзрмадзанти богъти барцæбæл Терк æма Невабæл, Волгæ æма Одербæл, Эльбæ æма Дунайбæл... Лæги ном æма кадæ, Æрфæнифæди стъалутау æрттевгæ, кадгин църтбæл федарæй ислæудтæй, зиндони куд федар лæудтæй, уотæ. Нæ фидтæлтæ ци ниууагътонцæ сæ цæуæтæн лæварæн – зæнхæ, дон, кæрдзин æма æууæнкæ, уони гъæуайгæнæг æрцудæй.

Е адтæй салдат... Цардмæ ка бацудæй ходгæ æма заргæ, æма си фæстæмæ ка здахтæй тогтъолæнттæй, æлхий æрфугæй. Гъо, уæддæр нæртон адтæй салдат. Е уæддæр лæварæн адæмæн ниууагъта аци зæнхи содзгæ æхседарф... Æ тæвдæ тоги цæхæр, æ зинг зæрди стъæлфæн...

АРТИ ÆВЗÆГТÆ ДЗОРУНЦÆ...

Салдат, кæд дæбæл арв æгъзæлæнтæ ниццæй, ранигъулдæй дæ хор, уæддæр нæ артдзæсти нæ рахустæй дæ зинг. Æносон арт... Седзæрти, идæдзти цæстисугтæй конд арт. Ка æрлæуун кодта æ исæвди къахбæл рун æма фудфуни. Ка 'рхаста ауиндзæнтæбæл а бæстæмæ уæлмæрдтæ. Ка 'рхаста Хинганæй Ламаншмæ саударæн циртитæ. Ка 'рхаста нæ уалдзæг, нæ цъæх фæзтæ, нæ деденгун сахартæ æма гъæутæмæ цæстисуг æма тоги тогуарæн сахуарун.

АРТИ ÆВЗÆГТÆ ДЗОРУНЦÆ...

Тугъди æхседарф, тугъди бардаугæг... Цал хуарзæнхи, цал уæззау цæфи æрауигътай салдати реубæл! Цал тухи ин бафтудтай æ тухæбæл! Цал нифси ин бауагътай таси бони е 'уæнгти! Нифс... Салдатæн, е 'хсарæ, æ уедæгтæ, æ тузмæг æлхий æрфгутæ равзурунцæ æ нифсæй.

Æносон зинг... Уой дæлуймонтæ мæйдари нæ тæхунцæ. Е тумугъ бони æргъæвст фиййауи къотæртæй конд арт нæй. Е содзуй дуйней гъар, æ фудæнхæ æма маст. Е содзунцæ уадæмдзо фæлтæри уæззау тохи мæтъæл зари муртæ. Ами содзунцæ уазал акъоппи æнæхуссæг мæйдар æхсæвтæ. Е араугæ пеллон уадзуй зингхуст хъæболти мади гъарæнгæ, Освенцим, Майданек æма Орадури уодесæги инод цъæхахст... Кизгæй ка байзадæй курдуати, æ идард бæлццон, æ боц уарзонмæ ка кæсуй æнгъæлмæ, уой цæстисугти цади, саударæги гъарæнги хæццæ, зæнхи уæззау цæфти хæццæ содзунцæ.

ЗИНДОНИ РАЙГУРГÆ ÆНОСОН ЦÆХÆР...

...Гъæдин къæхтæй æма зингхуст хъæболти цæсти рохсæй конд арт, салдати тогæй ка иссугъдæй... Салдат! Ци арф бунат дин разиндтæй зæнхи зæрди, зæнхи реуи!.. Æносон арт а зæнхæбæл дæ зæрди уедæгтæй ду иссугътай...Тугъдони уод, салдати зинг, æрттевæ мадта æнæмæлгæ æности... Багъæуай нин кæнæ фудрунæй нæ арв æма нæ над, нæ хорискаст, нæ уалдзæг, нæ дон, нæ кæрдæг, кæддæр сæ дæ гъуди æма дæ реуæй куд багъæуай кодтай, уотæ.

Салдати зинг... Æ бæгъатæр мæлæти сæрти фæстæмæ ка æрæздахтæй цардмæ. Нарти уæйгути хузæн тухгæнæг тухæ кæмæн не 'ссирдта!

**ФÆРНИАТИ Дзибус**

**Алли анз дæр 9 майи нæ бæстæ 18 сахатти æма 55 минуттебæл æдзæмæй фæллæууй – нæ дзиллæ еу минут нигъгъос унæй иссерунцæ, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг æ цард ка иснивонд кодта Райгурæн бæсти сæрбæлтау, уони. Телеуинунадæй æма радиойæй райгъусунцæ хъонц кæнуни дзурдтæ... Еумæйагæй «Рохсаг уотæ...» фæззæгъæн, нæ абониккон сабур цардæй кæмæй ан ихæсгин, уонæн. Ихæсгин ба, фиццагидæр, уомæй ан, æма син гъæуама сæ хъиамæттæ ма иронх кæнæн, еудадзуг имисæн æма син цитгин кæнæн сæ рохс нæмттæ.**

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 952**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 06.05.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 06.05.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**